



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SÈT NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ NAN
AYEWOPÒ YO NAN TOUT ETA NEW YORK POU ATENN PLIS MOUN KI TOUJOU
BEZWEN PRAN VAKSEN KONT COVID-19 LA**

*Lokal yo nan ayewopò Vil New York, Konte Westchester, Albany, Syracuse,
Rochester ak Buffalo ap ouvè apati lendi 24 me pou rive vandredi 28 me*

*Tout sit yo ouvri pou vaksinasyon san randevou epi y ap moun yo nan lòd yo rive
a*

*Pwogram lan fonde sou siksè sit tanporè yo te lanse resaman yo nan estasyon
MTA yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a sèt nouvo sit vaksinasyon tanporè nan ayewopò yo nan Vil New York, White Plains, Albany, Syracuse, Rochester ak Buffalo. Sit sa yo pral ouvri pou vaksinasyon san randevou e y ap sèvi moun yo nan lòd yo rive a; yo ap itilize vaksen yon sèl dòz Johnson & Johnson lan. Nouvo pwogram lan ap pote vaksen an nan kote ki pi fasil epi li ap atenn plis Nouyòkè; li baze sou pwogram pilòt ki gen siksè yo te lanse resaman an ki te mete sit tanporè nan estasyon Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA) yo.

"Sit vaksinasyon tanporè yo jwe yon wòl enpòtan nan ede nou atenn plis Nouyòkè ki bezwen pran vaksen an, epi lè nou konsidere siksè pwogram pilòt nou an nan estasyon metwo ak tren yo nan tout rezo MTA a, nou ap vini plis kreyatif yon fwa ankò nan pote vaksen an nan ayewopò nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Vaksen sa a se pi bon zam ke nou genyen pou bat COVID, epi nou prale nenpòt kote nou dwe ale pou mete piki nan bra moun yo. Si ou ap vwayaje nan youn nan ayewopò sa yo oswa si w ap travay nan yo oswa sa rive ou senpleman ap pase nan yo epi ou toujou bezwen pran vaksen an, mwen ankouraje ou pran tan pou ou pran piki ou a dekwa pou nou kapab bat viris sa a finalman."

Sit yo pral ouvri soti lendi 24 me rive vandredi 28 me nan ayewopò ki annapre yo:

- Ayewopò Entènasyonal JFK (JFK International Airport)
- Ayewopò LaGuardia (LaGuardia Airport)
- Ayewopò Konte Westchester (Westchester County Airport)
- Ayewopò Entènasyonal Albany (Albany International Airport)
- Ayewopò Entènasyonal Syracuse Hancock (Syracuse Hancock International Airport)

- Ayewopò Entènasyonèl Greater Rochester (Greater Rochester International Airport)
- Ayewopò Entènasyonèl Buffalo Niagara (Buffalo Niagara International Airport)

Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena a (Senate Transportation Committee), te deklare, "New York kontinye ap panse yon fason ki orijinal pou asire vaksen kont COVID-19 la aksesib nan chak kominote. Sit tanporè nan ayewopò sa yo pral sèlman ogmante opòtinite pou moun pran vaksen, epi yo ap edike moun yo pi plis sou poukisa li enpòtan pou yo fè sa. Lè nou pote dòz sa yo dirèkteman nan sant transpò ke moun itilize chak jou yo, nou ap konsakre resous yon fason entansyonèl nan etablisman kote moun sikile anpil yo epi nou ap pran kontak dirèkteman avèk moun ki ap chèche resewa vaksen an pi rapidman epi yon fason ki efikas".

Manm Asanble William Magnarelli, Prezidan, Komite Transpò Asanble (Assembly Transportation Committee) a, te deklare, "Sit vaksinasyon nan ayewopò yo se yon gwo etap sou wout pou pi plis moun posib kapab jwenn vaksinasyon kont COVID la. Li ideyal pou moun ki ap vwayaje yo vaksinen pou anpeche pwopagasyon kontini viris sa a. Sit sa yo ofri opòtinite pou vwayajè yo vini responsab epi jwe wòl pa yo a nan frennen pandemi sa a".

Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19 (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)